

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta gamabran ngeunaan hubungan antar variabel dina hiji panalungtikan, di jerona kaasup cara ngumpulkeun jeung cara ngaanalisis data Darmadi dina (Sudarmansyah, 2014). Dina ieu panalungtikan, maké desain kuantitatif kalawan maké métode kuasi ékspérimén.

Dumasar kana pamarekan Arikunto (2006, kc. 85) desain panalungtikan kuasi ékspérimen kabagi kana sababaraha rupa desain panalungtikan, nya éta:

- 1) Désain *One shot case study*, nya éta désain anu kawilang basajan pisan. Désain ieu kurang alus saupamana digunakeun dina panalungtikan anu sипатна ilmiah.
- 2) Désain *pre-test and post-test*, nya éta désain anu mindeng dipaké dina panalungtikan. Upamana panalungtikan ngagunakeun désain ieu, panalungtik kudu ngayakeun dua kali ékspérimen nya éta pratés jeung pascatés dina panalungtikanna.
- 3) Désain *Statict group comparsion*, nya éta désain anu digunakeun dina panalungtikan nu geus aya kelompok séjén salaku standar éksternal.

Panalungtikan ieu ngagunakeun ékspérimén pratés (tés awal) jeung pascatés (tés akhir) saperti:



(Arikunto, 2009, kc. 212)

Keterangan:

O₁= *Pre test* (kamampuh awal peserta didik saméméh perlakuan)

X= *Treatment* (dilaksanakeunna pangajaran ngagunakeun modél *Take and Give*)

O₂= *Post test* (kamampuh ahir peserta didik sabada perlakuan)

Ieu panalungtikan maké hiji métode panalungtikan métode panalungtikan miboga peran penting dina hiji prosés panalungtikan lantaran minangka cara nu

ilmiah jeung sistematis dina runtusan panalungtikan. Ieu hal téh luyu jeung pamadegan (Sugiyono, 2015, kc. 3) nu ngébréhkeun yén métode panalungtikan nyaéta cara nu ilmiah dipaké pikeun meunangkeun data kalawan udagan nu tangtu. Dilarapkeunana métode panalungtikan dina hiji panalungtikan téh, bisa mantuan urang dina nangtukaeun tujuan panalungtikan, kaasup dina ngumpulkeun data nepi ka ngolah jeung nganalisis éta data.

3.2 Sumber Data

Sumber data mangrupa salah sahiji bagéan penting tina hiji panalungtikan. (Arikunto, 2010, kc. 129) méré wangenan sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék anu ngahasilkeun data dina hiji panalungtikan.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas sapuluh MIPA7 SMA Negeri 15 Bandung di Jl. Sarimanis I Sarijadi Kec. Sukasari. Ieu sakola aya matéri Aksara Sunda anu luyu jeung KIKD nu lumaku.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil diajar nulis Aksara Sunda siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020. Anapon jumlah siswana nyaéta tilu puluh opat urang, siswa lalaki jumlahna sabelas urang, siswa awéwé dua puluh tilu urang.

Dasar milih siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020 nu dijadikeun sumber data nyaéta panalungtik ngajar di éta sakola. Aya pangalaman kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 saméméhna nu kaasup can mampuh jeung teu ngagunakeun média sarta modél pangajaranna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan pikeun ngukur kamampuh siswa nulis Aksara Sunda ngagunakeun hiji modél pangajaran berbasis média.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data. Data téh bahan anu kacida pentingna dina ngajawab masalah panalungtikan, jeung nguji hipotésis sangkan bisa ngahontal tujuan panalungtikan. Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis Aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar.

Nurutkeun (Arikunto, 2013, kc. 203), instrumén nya éta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan éta kagiatan jadi sistem anu babari dipigawé, dina harti leuwih cermat, lengkep jeung sistematis

sangkan leuwih gampang diolahna. Instrumén ani dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta lambaran tés.

Minangka alat pikeun ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan dibagi jadi sababaraha rupa. (Usep, 2008, kc. 19) ngabagi instrumén panalungtikan jadi opat rupa nyaéta obsérvasi, *interview* (wawancara), *question* (angkét), jeung tés.

Dina ieu panalungtikan, téknik jeung instrumén anu dipaké nyaéta téknik tés ngagunakeun instrumén lembar tés. Téknik tés anu dipaké nyaéta tés uraian terstruktur wangun alih aksara, sedengkeun lembar tés nyaéta lembar eusian tinulis pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis Aksara Sunda. Dina ieu tés aya sapuluh soal alih aksara dina wangun kecap nu ngawengku kana aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén, jeung angka.

Instrumén lembar tés anu bakal di paké dina ieu panalungtikan bisa ditingali saperti ieu di handap.

Pretest

No. Absén:

Kelas:

Salin ieu kecap-kecap jeung angka di handap kana Aksara Sunda!

1. Énéng =
2. Juag =
3. Belo =
4. Bilatung =
5. Moncorong =
6. Bosongot =
7. Angkruk =
8. Suligar =
9. 2019 =
10. Rp.256.426 =

Posttest

No. Absén:

Kelas:

Salin ieu kecap-kecap jeung angka di handap kana Aksara Sunda!

- | | |
|----------------|---|
| 1. Énéng | = |
| 2. Juag | = |
| 3. Belo | = |
| 4. Bilatung | = |
| 5. Moncorong | = |
| 6. Bosongot | = |
| 7. Angkruk | = |
| 8. Suligar | = |
| 9. 2019 | = |
| 10. Rp.256.426 | = |


Ieu soal ngawengku aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén, jeung angka. Saméméh nyieun soal, perlu dijieuun heula kisi-kisina. Kisi-kisi soal diperlukeun sangkan soal nu bakal dijieuun téh puguh watesan jeung leuwih bisa dilempeng. Kisi-kisi soal nu dimaksud nyaéta kisi-kisi soal kamampuh siswa dina nulis Aksara Sunda.

Salian ti éta, ieu panalungtikan dibarung ku média minangka pangrojong pikeun kahontalna tujuan pangajaran. Média anu dipaké nyaéta média gambar mangrupa *Slide* dina *Power Point* anu di jerona aya gambar papasangan sasatoan jeung anakna, anu satulunya siswa kudu ngajawab ngaran papasangan sato jeung anakna. Salian ti sasatoan, aya ogé anu eusina ngeunaan tutuwuhan jeung ngaran kembangna.

Tujuan dijieuunna instrumén ieu minangka nambahán pangaweruh siswa ngeunaan istilah-istilah sasatoan jeung tutuwuhan dina basa Sunda. Leuwih jelas na saperti ieu di handap.



Gambar 3.1
Média Gambar Panalungtikan Tutuwuhan



Gambar 3.2
Média Gambar Panalungtikan Sasatoan

Média anu aya di luhur ogé dibarung ku instrumén mangrupa kartu nu geus dibéré tulisan Aksara Sunda anu saluyu jeung média *Slide* ngeunaan ngaran-ngaran sabenerna anu aya dina gambar. Kartu-kartu anu dibagikeun ka siswa sacara ngacak, dipiharep bisa ngapasangkeun deui kartu- kartuna sangkan sarua jeung gambar dina *Slide*.

Aspek nu dinilai	Kriteria	Skor
1. Apal kana: a. Aksara swara b. Aksara ngalagena	Hadé Sedeng Kurang	0-25
2. Apal kana rarangkén	Hadé Sedeng Kurang	0-25
3. Apal kana angka	Hadé Sedeng Kurang	0-25
4. Karapihan tulisan	Hadé Sedeng Kurang	0-25
Jumlah		0-100

Tabel 3.1
Aspek Nulis Aksara Sunda

Kategori	Nilai	Indikator
Hadé pisan	90-100 (A)	Dina panulisan Aksara Sunda geus sampurna jeung teu pati loba kasalahan anu matak ngaruksak harti tulisan, boh dina nuliskeun aksara swara, ngalagena, angka.
Hadé	79-89 (B)	Dina nulis Aksara Sunda geus hadé, tapi masih kénéh kapanggih kakurangan dina nulis Aksara Sunda boh dina aksara swara atawa ngalagena nu matak ngarobah harti.
Cukup	69-78 (C)	Dina nulis Aksara Sunda masih loba kasalahan anu bisa ngarobah kana harti jeung bisa ngaruksak ma'na, tapi siswa geus apal kana aksara swara jeung aksara ngalagena.

Goréng	59-68 (D)	Masih loba kasalahan dina nulis Aksara Sunda. Siswa teu pati apal kana Aksara Sunda, saperti aksara swara, ngalagena atawa angka.
--------	--------------	-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------


Tabél 3.2
Pedoman Penulisan Aksara Sunda

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kawilang penting dina panalungtikan, lantaran dina prosedur panalungtikan téh nétélakeun léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Ku kituna, prosedur panalungtikan jadi salah sahiji patokan atau pedoman pikeun panalugtik ngalakukeun panalungtikanana sangkan saluyu jeung masalah nu rék dijawab.

Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif nu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kuasi ékspérimén (*Quasi-Eksperimental*). Ieu métode téh sok disebut ogé ékspérimén semu. Panalungtikan kuasi ékspérimén maké kelas ékspérimén kalawan henteu ngalibetkeun kelas kontrol. Dina ieu métode, kamampuh siswa nulis Aksara Sunda diajén dua kali nya éta saméméh dibéré *treatment* jeung sabada dibéré *treatment* maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar dina pangajaran Aksara Sunda ka siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020.

Ieu panalungtikan dilakukeun kalayan prosedur panalungtikan dina bagan di handap.



Bagan 3.2
Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan ditétélakeun ieu di handap.

1) Tatahar

Saacan ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik milih masalah anu bakal ditalungtik, tuluy diidentifikasi, diwatesanan, tur dirumuskeun. Rumusan masalah dijieuun dina wong patalekan. Panalungtikan anu bakal dilakukeun dumasar kana rupa-rupa tiori pikeun ngajawab masalah anu dipilih, hasil tiorina disebut hipotésis.

2) Ngalaksanakeun jeung Ngumpulkeun Data

Panalungtikan Panalungtik nangtukeun populasi jeung sampel. Kulantaran dibutuhkeun data anu sabenerna, panalungtik nyieun instrumén panalungtikan anu bisa dimekarkeun. Tuluy ngalaksanakeun pre-test jeung pos-test pikeun meunangkeun data siswa kalian ngagunakeun modél pangajaran *Take and Give*.

3) Nganalisis Data

Sanggeus ngumpulkeun sakabéh data, éta data dianalisis jeung dipedar kalayan ngagunakeun rumus-rumus statisika. Rumus statistika dibutuhkeun lantaran dianggap bisa ngagampangkeun panalungtik anu ngolah data anu geus dikumpulkeun.

4) Kacindekan jeung Saran

Sababaraha tahapan anu geus dilakukeun ti mimiti tatahar, ngumpulkeun data, tur dianalisis, tuluy nu pamungkas nya éta nyindekkeun hasil panalungtikan. Dina ahir panalungtikan, panalungtik miboga tujuan pikeun ngungkulan masalah anu geus dipilih éta, ku kituna dijieun saran.

3.5 Analisis Data

3.6.1 Téknik Ngolah Data

Dina kagiatan ngolah data, data anu geus dikumpulkeun diolah piekun néangan jawaban-jawaban kana masalah dina ieu panalungtikan. Hasil pratés jeung postés dipariksa jeung dianalisis anu satulunya ditabulasikeun. Dina kagiatan ngolah data ngawengku sababaraha kagiatan saperti ieu di handap:

- 1) Mariksa té siswa hasil *pretest* jeung *posttest*, sarta nyirian nu salahna;

Aspék nu dinilai	Kritéria	Skor
1. Apal kana: c. Aksara swara d. Aksara ngalagena	Hadé Sedeng Kurang	0-25
2. Apal kana rarangkén	Hadé Sedeng Kurang	0-25
3. Apal kana angka	Hadé Sedeng Kurang	0-25
4. Karapihan tulisan	Hadé Sedeng Kurang	0-25

Jumlah		0-100
--------	--	-------

Tabél 3.3
Aspék Nulis Aksara Sunda

Katégori	Nilai	Indikator
Hadé pisan	90-100 (A)	Dina panulisan Aksara Sunda geus sampurna jeung teu pati loba kasalahan anu matak ngaruksak harti tulisan, boh dina nuliskeun aksara swara, ngalagena, angka.
Hadé	79-89 (B)	Dina nulis Aksara Sunda geus hadé, tapi masih kénéh kapanggih kakurangan dina nulis Aksara Sunda boh dina aksara swara atawa ngalagena nu matak ngarobah harti.
Cukup	69-78 (C)	Dina nulis Aksara Sunda masih loba kasalahan anu bisa ngarobah kana harti jeung bisa ngaruksak ma'na, tapi siswa geus apal kana aksara swara jeung aksara ngalagena.
Goréng	59-68 (D)	Masih loba kasalahan dina nulis Aksara Sunda. Siswa teu pati apal kana Aksara Sunda, saperti aksara swara, ngalagena atawa angka.

Tabél 3.4
Pedoman Penulisan Aksara Sunda

2) Méré skor atawa peunteun kana hasil tés awal jeung tésahir siswa. Carana saperti ieu di handap:

$$P = \frac{\sum B}{\sum KT} \times 100$$

Keterangan :

P = Peunteun

$\sum B$ = Peunteun anu kahontal

$\sum KT$ = Peunteun maksimal

Katégori = peunteun ≥ 70 siswa dianggap mampuh nulis Aksara Sunda.

peunteun ≤ 70 siswa dianggap can mampuh nulis Aksara Sunda.

3) Ngasupkeun data peunteun tés awal jeung tésahir kana tabél ieu di handap.

No	Ngaran Siswa	Peunteun Tés awal	Peunteun Tés ahir

TabéL 3.5
Data Peunteun Tés Awal jeung Tés Ahir

3.6.2 Uji Sipat Data

Aya sababaraha léngkah pikeun nganalisis data dina ieu panalungtikan, nyaéta uji normalitas, uji homogénitas, uji gain, jeung uji hipotésis anu dipedar saperti ieu di handap:

1) Uji Normalitas

Nurutkeun Pramestri (2017, kc. 2) asumsi kanormalan dilakukeun pikeun mikanyaho naha sampel data kaasup kana populasi normal atawa henteu. Normal henteuna data ditilik tina residualna. Dina SPSS, aya sababaraha métodeu pikeun nguji asumsi normal henteuna data. Salah sahijina nyaéta Kolmogorov Smirnov (KS) atau Shapiro Wilk (SW). Léngkah-léngkah uji asumsi normal henteuna data nyaéta:

- Susun hipotésis

H_0 : residual distribusi normal

H_1 : residual distribusi teu normal

- Milih tingkat signifikansi α

- Kaputusan uji

Lamun nilai $\alpha = 0.05 < \text{Sig.}$ Maka H_0 teu ditolak. Hartina sampel data berdistribusi normal.

2) Uji Homogéntas

Nurutkeun Pramestri (2017, kc. 3) variansi dina unggal sampel populasi nu dicokot miboga variansi nnu sarua atawa konstan, variansi dinotasikeun ku σ^2 . Dina SPSS, pikeun nguji homogenitas variansi, aya statistika Levene kalawan léngkah-léngkah di handap:

- Nyusun hipotésis

H_0 : varians sampel homogén

H_1 : varians sampel teu homogén

- Milih tingkat signifikansi α

- Kaputusan uji

Perhatikeun hasil output dina SPSS. Lamuun nilai $\alpha = 0.05 < \text{Sig.}$ Maka H_0 teu ditolak. Hartina variansi data homogén.

3.6.3 Uji Hipotésis

Pikeun nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saupamana data hasil uji normalitas némbongkeun yén data miboga distribusi anu normal, ku kituna éta data dina nangtukeun hipotésis ngagunakeun statistik paramétrik kalawan ngagunakeun T-tes. Sedengkeun saupamana data anu diuji normalitas némbongkeun yén éta data miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésis ngagunakeun statistik *non-paramterik* kalawan ngagunakeun Wilcoxon Match Pairs Test.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap:

1. Saupama nilai signifikansi (Sig.) < 0.05 , hartina hipotésis alternatif (H_1) ditarima, hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung.
2. Saupama nilai signifikansi (Sig.) ≥ 0.05 , hartina hipotésis nol (H_0) ditarima, hipotésis alternatif (H_1) ditolak. Hartina modél pangajaran *Take and Give* berbasis Gambar teu mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung.